*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№59-60

(9803-9804)

2016 соналъул
13 октябрь

*ХАМИЗ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

**В поддержку курса национального лидера РФ Владимира Путина и руководства Республики Дагестан**

# АНДИЙЦЫ ПРОТИВ ТЕРРОРА И НАРКОТИКОВ

*В поддержку курса национального лидера РФ Владимира Путина и руководства Республики Дагестан*

**15 октября 2016 года в 10-00** в г.Махачкала в поселке Семендер состоится турнир по мини футболу на переходящий кубок «Братская сила Андийцев» (БСА).

*из* каждого андийского села будет допущена одна команда!

В заявке по 10 человек на поле будут играть по 6 человек!!!

По всем вопросам обращаться по тел 8-963-140-00-05.

*Организаторы турнира:*

*Надирбегов Алисултан,*

*Амирханов Алхас,*

*Асламханов Асадулла,*

*Алхасов Алимхан.*










# ДИН ВА ГIУМРУ

## Имамзабазул иргадулаб данделъи

Араб анкьалъ микрорайоналда бугеб мадрасаялда тIобитIана Болъихъ районалъул имамзабазул иргадулаб данделъи. Данделъи бачана районалъул имамамасул заместитель ХIусен Расуловас.

Гьенир рорхана цIияб лъагIелалъ имамзабазда тIад къарал суалал. Гьездасан ккола имамасул, как ахIулев чиясул ва цогидалги мажгиталда хурхарал хIалтIухъабазул аслиял масъалаби. Гьединго бицана росабалъ мажлисал гьаризе, дарсуль гIам, ай гIаламалъе дарс кьезе, щибаб рузманалда хисиsun дибирзаби ритIизе ва гьезухъе халкъалъе бищунго хIажатаб тема кьезе, ихIсаналъул бицине ккеялъул. Гьаб моцIалъ гьезда цебе лъуна куфруялде унел калимаби-пиша халкъалъе баян гьабизе, бицана моцIалда жанир цо нухалъниги школазде ине ккеялъул. Хвелхобалда хурхарал гIадатал хвезариялда тIад хIалтIаби гьаризе ва шаргIалъ малъухъе гьеб тагIсият борхизе малъизе ккеялъул. Гьединго бицана имамзаби Инхело дарсазде хьвадизе ккеялъул ва лъай-хъвай гьабуна цIализе кколел тIахьазулгунги.



## Аллагьасул калам цIале нужеца

БетIергьанасул цIар , иманалъул кьучI,
Саламгун рещтIана нужер рекIелъе.
МухIаммадил (с.т.гI.в) суннат , битIараб шагьра,
Исламалда чIарал муъминзабазе.

Ле, жеги нуж макьилъ ругел гIадамал,
Лага-черх цIунизе бокьун батани,
Аллагьасул калам цIале нужеца,
Гьайбатаб гIамалгун ахират щвезе.

Ас-саламги нужер ритIухъаб гьалмагъ,
Сабру кIудиясе бугеб алжанги,
Силсила ккурасе щолеб щафагIат,
Анищ тIубаларищ хвасарлъанани.

Лаилагьа иллаЛлагь Аллагь цо вуго,
Ахир ватулевги нилъей гьев вуго.
Миркалъго вуссунеб бакI бокьайилан,
АхIмадица (с.т.гI.в) нилъей тана васият.

Уммат цIунулаго, исламалда чIун,
ХIадисазул тIахьал тана нилъее.
Ана гьесул гIумру рацIцIалъиялда,
Мун гьесул ирсилав, гIамал берцинав.

Аллагьгун авараг (с.т.гI.в) дуе рокьани,
Дуе алжан щвела щаклъи гьечIеб жо.

*МухIаммадамин ХIамзатов,*
*Болъихъ росу.*




## ГIАШУРАДУЛ КЪО!

Араб анкьалъ районалъул централияб библиотекаялда тIобитIана ГIашура къоялда хурхун гьитIинабго тадбир.

Аварагасул(с.т.гI.в) хIадисалги,къураналъул аяталги тIад хъварал игIланаз берцин гьабун къачIан букIана библиотекаялда цебе бугеб азбар. Гьединго церего рукIарал къуръаназдалъун ва исламалъул хIакъалъулъ хъварал тIахьаздалъун гIуцIун букIана выставка. Кваназе бокьаразе букIана бан мугь, куракул карщ, бакъвараб пихъалъул компот.ГIашурадул къо баркана Болъихъ росдал мажгиталъул имам ГIумарица.

-Баркула киназдаго 1438 сон. Аллагьас гьаб сонги гьабеги баракатаб, рагъ-кьалалдаса цIунараблъун. Араб соналъ нилъецаго гьабураб жоялъул хIисабги гьабизе ккела.

Баркула нилъеда тIаде щварал хириял ГIашурадул къоял. Аллагьас къабул гьареги ккурал кIалал, гьабураб гIибадат ЖамагIаталъул рахъалдаса баркала загьир гьабула, жакъа гьаб берцинлъи гьабуралъухъ, централияб библиотекаялъул нухмалъулев МухIамад ИзмагIиловасе ва гьесул хIалтIухъабазе.Гьадинал къояз мугь бай нилъер умумузго гьабулеб жо букIун буго. Гьеб ккола берцинал ахлакъаздаса жо. Рецц буго Аллагьасе битIараб диналда нилъ ратиялъухъ.









Гьумер хIадур гьабуна З. МухIамадовалъ

СПОРТ-СПОРТ-СПОРТ



БАРКУЛА НУЖЕДА БЕРГЬЕНЛЪИ!

# ЧЕМПИОНАЛ КIОДО ГЬАРУНА

Араб анкьалъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана Анапа шагьаралда тIоритIарал «Президентские состязания» къецаздаса бергьенлъигун тIад руссарал АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби кIодо гьарун данделъи.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас, районалъул депутатазул собраниялъул председатель МухIамаднаби ГIумаровас, Лъай кьеялъул ва гIелмабазул министрасул заместитель ХIажимурад ГIалиевас, социалияб рахъалъ лъимал ва гIолилал цIуниялъул ва дополнительнияб лъай кьеялъул Управлениялъул нухмалъулев Муслим ХIамзатовас ва гьесул заместитель Лариса Калмыковалъ.

Данделъи рагьана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас.

-ХIурматиял гьалмагъзаби, жакъа нилъ ракIарун руго Анапа шагьаралда тIолгороссиялъулал «Президентские состязания» къецазда бергьенлъи босун тIад руссарал бахIарзал кIодо гьаризе. Гьеб рохел нилъергун гIахьал гьабизе рачIун руго лъай кьеялъул ва гIелмабазул министерстводаса вакилзаби. Баркала буго гьезие кIудияб, гьаб рохел нилъгун гIахьал гьабизе рачIаралъухъ.

Дагьал церегIан къояз гьадинабго данделъи гьабун букIана нижеца АнсалтIа росульги. Гьал цIалдохъабаз босараб бергьенлъи гьитIинаб бергьенлъи гуро. Президентскиял къецазулъ гIахьаллъи гьабуна кинавниги анцIго миллион гIанасев цIалдохъанас, финалалде рорчIана 2000. Россиялъул 85 субъект гIахьаллъараб, хIалуцараб къеркьеялъулал къецал рукIана гьел. АнсалтIа росдал Россиялъул бахIарчи ХIажимурад НурахIмаевасул цIаралда бугеб школалъул цIалдохъабаз бихьизабуна лъикIаб церерахьин ва мустахIикъаб бергьенлъигун тIадги руссана. Бокьун буго баркала загьир гьабизе гьезул тренер Лабазанов Лабазание, росдал администрациялъе, киналниги гьеб бергьенлъи гIагар гьабизе квербакъарал гIадамазе. Нужер бергьенлъиялъ гIицIго АнсалтIа росу ва Болъихъ район гуребги, тIолабго Дагъистанго машгьур гьабуна.

(Ахир 4аб. гьум.)



# ЧЕМПИОНАЛ КIОДО ГЬАРУНА

Бергьенлъи босизе гIемерго бигъаяб буго гьеб цIуниялдаса. Амма кIочон



тоге, тIоцебесеб бакIалда цIали букIин.

Гьарула нужее хадубккунги чIахIиял бергьенлъаби ва битIккей.

Хадув кIалъазе вахъана ХIажимурад ГIалиев

-Ассаламу гIалейкум. Кутакалдаса вохарав ва чIухIарав вуго дун жакъа гьанив гIахьаллъи гьабизе щвеялдаса. Лъай кьеялъул министерствоялъул рахъалдаса, хасго министр Шахабас Шаховасул цIаралдаса бокьун буго баркизе цIалдохъабазда, районалъул управлениялда, школалъул хIалтIухъабазда, физкультураялъул мугIалим тренер Лабазанов Лабазанида хIалуцарал къецазулъ босараб бергьенлъи. АнсалтIа росдал школа бергьана тIолгороссиялъулал къецазда. ЦохIо Болъихъ район гуребги тIолабго Дагъистан чIухIараб бергьенлъи ккола гьеб.

Къойилаб гIетI тIураб, жавабчилъи кIудияб хIалтIуца бихьизабула гьединаб хIасил. Баркала нужее гьелъухъ. Нужедаса чIухIараб буго тIолабго республика.



Гьединго ХIажимурад ГIалиевас Лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIажигIиса ИсмагIиловасда тIад къана Лабазанов Лабазание «Заслуженый учитель РД» цIар кьеялъе документал хIадуризе.

КIалъазе яхъана социалияб рахъалъ лъимал ва гIолилал цIуниялъул ва дополнительнияб лъай кьеялъул Управлениялъул нухмалъулесул заместитель Лариса Калмыкова.

-КIудияб баркала буго нужер районалъе ДЮСШялъул спорт цебетIеялъе гьабулеб хIаракаталъухъ. Нужер район гьеб рахъалъ буго тIоцебесеб кьерда. Нужеда ращалъизе гIамал гьабулеб буго цогидал районазги. Нужер лъимал руго рухIияб ва спортивияб тарбиялъул рахъалъ церетIурал.

Лабазанил гьаб бергьенлъи тIоцебесеб гуро, ракIалда ккола гьалдалъун лъугьинеги гьечIин. БачIунеб соналъги балагьун чIезе руго ниж гьесул командаялъул хIасилазухъ. Баркула нужеда, цоги нухалъ, бергьенлъи.

Гьединго бергьенлъи баркун кIалъазе рахъана Лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIажигIиса ИзмагIилов, росдал администрациялъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбегов, АнсалтIа школалъул директор МухIидин Запиров.

Ва гьелдаса хадуб дипломал кьуна районалъул бетIер ПатхIулаев МухIамадие, лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ИзмагIилов ХIажигIисае, росдал администрациялъул бетIер ХIайдарбегов ХIайдарбегие, АнсалтIа гьоркьохьеб школалъул директор Запиров МухIидинние, «Ботлихъ» ансамблялъул нухмалъулей Лайла Джабраевалъе, тренер Лабазанов Лабазание ва гIарцулал шапакъатал кьуна чемпионазегун тренерасе.

Ахиралда бахъана цадахъаб сурат.















**З.МУХIАМАДОВА.**

# «ЛЪАГIАЛИЛ УЧИТЕЛЬ» ЛАБАЗАНОВ ЛАБАЗАН

***Лабазанов Лабазан Ражабович гьавуна АнсалтIа росулъ 1984 соналъ . Росдал гьоркьохъеб школалъугIигун цIализеана ДГПУялъул физкультураялъул факультеталда. 2007 соналъ лъикIал къиматазда гьебги лъугIизабун росулъе тIадвуссарав Лабазан тIамула школалда физкультураялъул мугIалимлъун. 2012 соналъ мустахIикълъана» Отличник Образования РД» цIаралъе, 2013, 2014, 2015 соназ мустахIикълъана Лъай кьеялъул ва гIелмабаул министерствоялъул хIурматалъул граматабазе, 2016 соналъ мустахIикълъана РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан цIаралъе. Бергьана «ЛъагIалил учитель» абураб мугIалимзабазул къецалда. Жакъа къоялда Лабазан вуго АнсалтIа ДЮСШЯлъул директор ва районалъул собраниялъул депутат.***

***Гьесул бергьенлъабазда хурхараб букIана нижер мухбирас гьесулгун гьабураб гарачIвари.***





***-Лабазан, гьалеха тIад руссана нуж Дагъистанго чIухIараб бергьенлъиги босун. Баркула нужеда гьеб бергьенлъи!***

-Баркала

***-ТIоцебесеб иргаялда бокьилаан лъазе, кинаб асар рекIелъе лъугьараб тIоцебесеб бакI дур командаялъе рагIинабидал.***

-Рохалилги, чIухIиялъулги, лъималаздаса вохиялъулги гIорхъи гьечIеб асар букIана.

***-10 миллион цIалдохъанас гIахьаллъи гьабунин абулеб буго гьел къецазулъ…***

-Киналниги рукIана 10 миллион цIалдохъан, финалалде рорчIана 2000. Россиялъул 85 субъект гIахьаллъана гьениб.

***-Гьаб нужер тIоцебесеб сапарищ букIараб, яги цереккунги гIахьаллъулел рукIанищ гьенир?***

-Анлъабилеб нухалъ бухьараб сапар букIана нижер исанасеб. Анлъго соналъ тIатIалаго Дагъистаналъул вакилзабилъун рукIана ниж.КIиго нухалъ кIиабилеб бакI цо нухалъ ункъабилеб ва цо нухалъ микьабилеб бакIал росана. Ва гьалеха исана киналго урхъараб бергьенлъиги босана.

**-Сунца мун тIамурав гьел къецазде гъорлъе лъугьине, нужехъе предложениябиййищ рачIунел яги нужеца гIарзайищ кьезе кколеб?**

-Цо къоялъ гьел къецазул положение цIалулаго дида ракIалде ккана гьаб нижер цIалдохъабазеги данде кколеб жо бугин абун.Гьелдаса нахъе ниж гьел къецазде хIадурлъулелги руго.

***-Гьанжесеб бергьенлъиялде нух захIматаб букIун батила?***

-Узухъда, нижго гIадин цогидал командабиги сонайилго гIахьаллъулел рукIунелъул къецазда, щивасул хIалбихьиги цIикIкIунеб буго, хIадуриги лъикIаб букIуна. Гьединлъидалги къецал хIалуцарал рукIана.

***-Спорталъул кина-кинаб тайбаби гьенир рукIарал?***

-Ункъго батIияб тайпа букIана . ТIоцебесеб рекери 1000 ва 30 метраялъ, подтягивание, отжимание ва чIараб бакIалдаса кIанцIи.

КIиабилеб букIана теоретическияб спорт. Гьениб лъазе ккола спорталъул таварих.

Лъабабилеб букIана творческияб конкурс-гьениб лъималаз 9 минуталда жаниб бицине кколаан гIагараб ракьалъул таварих алъул, церетIурал спортсменазул, гIурус мацIалъул бугеб пайдаялъул ва гIагараб школаялъул хIакъалъулъ.

Ва ункъабилеб букIана эстафетнияб рекери.

Гьелдаса хадуб рукIана тIадеги гьарулел батIи-батIиял къецалги. Шахматазулъ гIахьаллъи гьабуна Мухтаров ГIабдулжалилица. 300ясда гьоркьоб гьес босана 38абилеб бакI.

***-Гьединал къецазулъ гIахьаллъизе кканани сурсаталги рукIине ккола. Лъица нужее гьеб рахъалъ кумек гьабулеб?***

-Нижее материалиб кумек гьабуна росдал ва районалъул администрацияз.Творческияб конкурсалде лъимал хIадурана «Ботлих» ансамблялъул нухмалъулей Лайла Джабраевалъ ва Гьадигат Рашидовалъ. Бокьун буго гьел киназего баркала загьир гьабизе, бергьенлъи гIагар гьабизе гьабураб квербакъиялъухъ.

***-Исана дуца росарал бергьенлъабазул хIисаб гьабидал, мун кутакалдасан хIалтIи бокьулев ва жавабчилъи цIикIкIарав чи вукIин бихьулеб буго.***

-БитIараб буго. ХIалтIиги, лъималги, лъималазда цадахъ хIалтIизеги бокьула дие.

***-Дуе аслияб щибха кколеб, дурго хIалтIийищ яги хъизан лъималищ?***

- Кутакалдасан захIматаб суал буго дуца кьолеб (гьимулаго). Хъизан – лъимал рокьичIого рукIинищха. Амма бугониги гьаб хIалтIудасан гьедигIанго регIулев гьечIо дун гьезие букIине кколеб заман кьезе.

***-ДЮСШялъул директор гуревги мун кколев вуго районалъул собраниялъул депутатги. Сунца мун тIамурав политикаялде гъорлъе лъугьине?***

БитIараб бицани, гьелде дун вачана спорталъе, спорт цебе тIезабиялъе нухал ралагьизе бугеб гьираялъ ва гьелдаго цадахъ дие бокьана дидасан росдаеги кинаб бугониги пайда букIинеги.

***Ссунде буссинабизе бокьула дуе дурго эркенаб замана?***

Гьединаб заман дир къанагIат гурони букIунаро. Бугонани мегIаргIалахалде ун тIабигIаталъул хIисаб гьабизе, гIумрудул магIнаялда тIад ургъизе бокьула.

**Лабазан, баркула дуда цоги нухалъ бергьенлъи. Гьарула хадурккун жеги чIахIиял бергьенлъаби.**

# Баркалаялъул кагътал

Баркула нужеда щвараб бергьенлъи,
Щулаго ккве даим щвараб шапакъа,
Икъбал кьейги нужей церехун ине,
Берцинаб росдал цIар кIодо гьабизе.

МугIрул цIумацаги борхалъи ккола,
Кьейги нужей икъбал борхалъи кквезе.
ЦIудул тIанчIацаги мугIрул хъирщула,
Къуват кьейги нужей гьунар хъирщизе.

Россияги квегъун, цIудул тIанчIалгун,
Лабазан росулъе мун вуссунелъул,
Гьал рорхатал мугIрул гIодор къуличIищ,
Роххел баркичIебищ мугIрул цIумаца.

Нужей гьунар кьолев, нуж хIадурулев,
Нужер хьибилалда даим вукIунев,
Лабазан, гьурмада даим кидаго,
Биччанте къалъулеб гьими букIинзе.

Биччанте кидаго нилъер школалда,
ЦIия-цIиял цIваби къойил кунчIизе.
Баркала, Лабазан, дур сабруялъе,
Гвангъарал цIвабзазул нур свине течIев.

**МухIамадова Калимат**
**Байбихьул классазул мугIалим**

ТIадегIанав Аллагь, АльхIамдулиллагь,
Гьал гIиссинал тIанчIи тIад руссиналъухъ,
ТIуран мурадалгун , сах-саламатго.
Лъимал эбел инсухъ кодор кьуралъухъ.

МагIарул цIум гIадав Лабазаница,
Щвезаруна лъимал Анапаялде.
Гьел бергьани вохун, къуни пашманлъун,
Чам ургъелдай дуца гьезул баччараб.

Дагъистаналъего цIар босун щварал,
ЦIвабилъун кенчIана сверухълъиялда.
Сверун лъималазул гуриги гьабун,
РещтIана Лабазан инсул росулъе.

**МухIамадова Хадижат**

РакI-ракIалъ баркула АнсалтIа росдал, Россиялъул бахIарчи ХIажимурад НурахIмаевасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазда, Краснодарский краялъул Анапа шагьаралда тIобитIараб тIолгороссиялъулаб «Президентские состязания» къецалда босараб бергьенлъи.

Гьеб буго кIудияб лъугьа-бахъин, чIухIи цохIого АнсалтIа росдае, районалъе гуребги, Дагъистаналъего. Ансал киндаго церетIурал рукIана спорталъул ва культураялъул рахъалъ. Гьеб тасдикъ гьабуна исана гьал цIалдохъабаз босараб бергьенлъиялъги. Хасаб баркала загьир гьабизе бокьун буго физкультураялъул мугIалим, тренер Лабазанов Лабазание гьесул жавабчилъи кIудияб, хIасил тIадегIанаб ва гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъулаб хIалтIухъ. Гьединго баркала загьир гьабула гьезул эбел-инсуе, гьадинал гьайбатал лъимал куцаралъухъ.

**ГIабдулдибир ГIабдулдибиров**
**районалъул бетIерасул заместитель.**

Баркула Лабазан дуда, ракI-ракIалъ «Президентские состязания» къецазда босараб тIоцебесеб бакI. Гьеб бергьенлъи тIубанго бараб букIана дур хIалтIизе бугеб махщалидаги,жавабчилъиялдаги, цебе лъураб масъала тIубазабизе бугеб лъаялдаги, сабруялдаги. Нижер ракI чIараб буго дур хIалтIулаб хIалбихьи гIиллалъун чIелин росулъ гIун бачIунеб гIелалъул спорталде рокьи бижиналъеги, гьез спортивиял бергьенлъаби росиялъеги.Гьарула дуе сабруги, икъбалги, жеги чIахIи-чIахIиял бергьенлъабиги.

**Лъималазул умумул.**












# ЛъикI щварал, чемпионал

26 сентябралда АнсалтIа росдал гIадамаз кIудияб рохалида ва лъикIаб хIадурлъигун къабул гьаруна Анапа шагьаралда тIолгороссиялъулал «Президентские состязания» къецазда тIоцебесеб бакI босун тIад буссун бачIунеб гIагараб росдал школадул команда. ГIандадерил кьоде данде рачIун къабул гьаруна гьел школалъул цIалдохъабазгун гIолилаз. Гьединаб рохалилаб къагIидаялда дандечIвай гьабурал чемпионазе цоги хIикмалъи батана, базаралъул майданалда росдал гIадамаз гьезие хIадурараб гьитIинабго мажлис хIисабалда.Гьелдалъун лъугьинчIо чемпионал кIодо гьариялъул байрам. 28 сентябралда АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъул азбаралда тIобитIана гьеб бергьенлъиялда хурхараб тадбир. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас, гьесул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас, росдал администрациялъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговас, экологиялъул отделалъул нухмалъулев АхIмадудин МухIамадовас, Лъай кьеялъул Управлениялъул нухмалъулев ХIажигIиса ИзмагIиловас, спорталъулгун физкультураялъул отделалъул начальник Темирхан Дибировас.

Тадбир рагьана росдал школалъул директор МухIидин Запировас. Данделъи бачана директорасул внекласснияб хIалтIул рахъалъ заместитель Разият ГIузаироваль.




ВСЕРОССИЙСКИЕ СПОРТИВНЫЕ СОРЕВНОВАНИЯ ШКОЛЬНИКОВ
ПРЕЗИДЕНТСКИЕ СОСТЯЗАНИЯ
5-25 сентября 2016 года

ДИПЛОМ

победителя всероссийского этапа
Всероссийских спортивных соревнований школьников
«Президентские состязания»

НАГРАЖДАЕТСЯ
РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН

победитель всероссийского этапа
Всероссийских спортивных соревнований школьников
"Президентские состязания",
занявшая I место в общекомандном зачёте

5-25.09.2016 года

г.-к. Анапа,
Краснодарский край

Организационный
комитет по проведению
Всероссийских спортивных
соревнований школьников
"Президентские состязания"

м.п.








# ДИНИЯБ ДАРС

## СихIру

Исанасеб сон Дагъистаналъул РухIияб Идараялъ лъазабун буго ихIсаналъул сонлъун. Гьединлъидал нижеда ракIалде ккана газеталъул щибаб номералда цо гъумер районалъул имамзабазе кьезе, халкъалъе динияб бичIчIи кьеялъе вагIза-насихIат гьабизе. Гьединан гьаб номералда вагIза гьабулеб буго МигIарсо росдал имам Чупанов Запирица.



Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун Запир цIализе уна Хасавюрталда бугуб Исламияб институтал-де. Анкьго соналъ цIалун гьеби лъугIизабун росулъе тIад вуссидал гьев тIамуна росдал имамлъун. Щуго соналъ росулъ имамлъиги гьабун Запирица байбихьана мадрасалда дарсал кьезе. 2012 соналъ цIидасан тIамуна росдал имамлъун. Ва цадахъго цIалулев вуго Дагъистаналъул теологияльул институталда.

Жакъа бицине бокьун буго сихIру хIарамаб букIинги, сихIручагIазухъе ине хIарамаб букIинги. Гьединго сихIручагIазул сихIруялдаса нилъеца нилъго ва нилъер лъимал кин цIунизе кколебалиги.

Лъабго унти буго гьаб заманаялъ нилъеда гьоркьоб цIакъ тIибитIун бугеб, тохтурзабазе сах гьабизе кIолареб.

Жундуз ккун унти. ГIадамазул бер ккун унти. СихIру чагIаз сихIру гьабун унти.

СихIруялъул магIна щиб ва кин гьеб гьабулеб? Гьеб буго чи вухьи, сабаб жиндалъун кIалъан гьабулеб, ялъуни хьван, ялъуни цо жо гьабун. СихIру гьабурав чиясул черхалъе, ялъуни ракIалъе, ялъунани гIакълуялъе хиси ккола. Цо-цояз гьелда инкар гьабула, божуларо гьеб гьедин букIин тIоритIел гьабула къуръаналъги, хIадисазги.

Къуръаналда абулеб буго «Дица цIуни гьарула гарцIазде хIацIу тулел сихIручагIазул квешлъиялдасан» Ссура «Фалакъ»

Аллагьас Муса авараг витIула ФиргIавнихъе мугIжизатгун. Гьесул мугIжизат букIана гIанса. ФиргIавница гьев гьереси чилъун гьавуна Мун вугила гьересичи. Гьединал сихIручагIи дица данде гьарила абун. Гьез къотIи гьабуна цо къоялъ данделъизе. ФиргIавница ругелщинал сихIручагIи данде гьаруна ва гьезие Мусадаса бергьани сайгъат кьезеги къотIи гьабула. СихIручагIаз Мусада гьикъула дуцайищ гIанса гIодоб рехила нижецайищ. Мусаца абула нужеца рехейин. СихIручагIаз гIодоре рехула гIунсбиги рухьбиги. Гьел борхьал гIадин жунизе рекIана. Мусал рекIелъе хIинкъи пархана. Аллагьас Мусада абуна мун хIинкъуге, мун гьездаса тIадегIанав вуго Дуца гIодобе рехе дур кваранаб рахьалда бугеб гIанса. Гьелъ къулчIизе буго гьез гьабураб жо. Гьелъ гьеб жоги къулчIана. ХIакълъунго гьез гьабураб жо буго сихIру. СихIручиясул кверщел батуларо кире рачIаниги. СихIручагIазда бичIчIана Мусаца гьабураб жо сихIру гьечIеблъи, гьеб Аллагьасдаса букIин. Гьел сихIручагIи суждаялде ротана. Гьезги абуна нижеца иман лъуна Гьарунилги Мусалги бетIергьанасда ай ТIадегIанав Аллагьасда. Аварагасеги (с.т.гI.в) сихIру гьабуна Лабид абулев чияс. Гьеб мехалъ аварагасухъе рещтIуна Джибрильги Микаильги. Цояв бетIералъул рахьалда цояв хIатIа ахада чIола. МикагIилица гьикъула щиб гьасие лъугьараб Джабраил малаикас абула сихIру гьабун буго абун. Лъица гьабураб абун цIехола. Джабраилас абула Лабид абулев чияс. Гьел кIиязго цIалана суратуль «Фаликъги» «Ннасги» ва Аварагасул (с.т.гI.в) черхалда кверги бахъула. Авараг (с.т.гI.в) сахлъула. Аварагасе (с.т.гI.в) сихIру гьабун букIуна гьоркьоялда хутIараб хараб расалъул. Гьеб рас лъун букIана чамасдакалъул хъалалда гьоркь ва бахчун букIуна Бани Зурайкъ абулев чиясул азбаралда бугеб гъуялда (колодец)жаниб. Гьеб бугеб бакI бицуна Джабраиль Малаикас. Аварагги (с.т.гI.в) асхIабзабиги уна гъуялде аскIоре. Гьеб батула кьерги хисун цIакъ махIцун. АсхIабзабаз гьикъула бахъилищ абун. Аварагас (с.т.гI.в) толаро гIадамазе зарал ккелин хIинкъун. Гьеб тIаде ракьги бан бацизабула.

СихIру хIарамаб буго киналго аварагзабазул шаригIаталъулъ. Бокьа-бокьарав чиясе кIоларо сихIру гьабизе. СихIручияс жинцаго ургъуларо сихIру, гьесда гьеб щайтIаналъ малъула. СихIру малъизе ккани, щайтIаналъе бокьулеб жо гьабизе ккола, мисалалъе босани: Къуръан хъвазе ккола нажасаб жоялдалъун, Къуръан рехизе ккола нажасаб жоялда жаниб, Аллагьасде, Аварагасде (с.гI.в.с.) хьандезе ккола, гьеб мехалъ щайтIанги сихIручиги гьудулзабилъун лъугьула. Цинги щайтIаналъ гьесда сихIруги малъула.

«СихIру букIуна чамго батIияб»

1. Рос-лъади ратIа гьари;
2. Цояй цоясе йокьизе гьайи;
3. Унтизе гьарулеб.

Жиндие сихIру гьабурасе бокьула живго цохIо вукIизе, гьединго жиндие сихIру гьабурав вуцIухIун чIола, кIалъазе вахъуларо, щибго жоялъул пикру гьабуларев лъугьуна.

СихIруялъе буго кIиго дару

Щибха гьабизе кколеб сихIруялъ зарал гьабичIого букIизе?

Аллагь рехсей гIемер гьабизе ккола, зикру гIемер бачине ккола, хасго радал-бакъанида абизе лъикIаб буго **«АгIузу бикалиматиллагьи ттаммати мин шарри ма халакъ»,** гьединго цIалила къулгьу къул агIузу бираббил фалакъ, ва къул АгIузу бираббинннаси лъабго нухалъ радалги бакъанидаги.

Кидаго какие чуриялда вукIизе ккола. Фаризаял какал мажгиталда жамагIатгун разе ккола, хасго рогьалил как жамагIаталъулъ бани гьев чи вукIуна Аллагьасул зимматалъулъ. Аллагьас гьев цIунула релъедал мех бачIизегIан».

«Аятул курси» цIализе ккола кьижизе вахулеб мехалъ.

Радал анкьго чамастак кваназе ккола

Аварагас (с.т.гI.в) абуна: (щив чи вугониги жинца радал анкьго чамастак кванан, Мадина шагьаралъул чамастаказдаса, гьеб къоялъ гьесие зарал гьабуларо загьруялъ ва сихIруялъги».

КIиабилеб дару: жиндие сихIру гьабурасдаса кин сихIру нахъ бахъизе ккола. Гьесда тIад Къуръан цIализе ккола.

Къуръан гIемер цIалиялдалъун Аллагьас сихIручияс жиндие сихIру гьабурасдаса сихIру бичула. Аварагасеги (с.гI.в.с) сихIру гьабураб мехалъ гьесда тIад Къуръан цIалана Жабраил малаикасги Микаил малаикасги.

Гьесие дугIа гьабизе ккола: абизе лъикIаб буго **«Аллагьумма рабба ннаси азгьибил баъса вашфи анта шшафи ла шифаа илла шифаукa».**

Гьесие хIижама гьабизе ккола: Аварагас (с.т.гI.в) абуна: **«Нужеца жиндалъун дару гьабулеб жоялъул бищун лъикIаб хIижама буго».**

СихIру лъураб бакI лъани, гьеб къватIибги бахъун хвезабуни, сихIру батIуллъула, гьелъ зарал гьабуларо.

Диналъул вацал Аллагьас сихIруялдаса нилъ цIунаги. Амма нилъее сихIру гьабуни, гьелъие дару гьабизе сихIручагIазухъ унге: би кIорщалъ бацIцIунаро. Аварагасги (с.гI.в.с) абуна: Щив чи вугониги жив арав жиндие бальголъи лъалила абулев чиясухъе, гьесда жоги гьикъанани, кIикъого къоялъ гьес бараб как къабул гьабуларо» Аллагьас нилъ сихIруялдасанги сихIручагIаздасанги рикIкIад гьареги.

Диналъул вацал, дир нужеде бугеб насихIат буго-гIадамазе квешал рукIунге, гьезие сихIру гьабулеллъулги, гьездехун хIасад, рекIел хьубльи гьабулелъунги рукIунге.

ГIадамазе лъикIал рукIа, Аллагьасе нилъ рокьизе къваригIун батани. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «ГIадамазул бищун рокьулел ТIадегIанав Аллагьасе-жидеца гIадамазе мунфагIат, лъикIлъи гьабулел руго». Гьединго аварагас (с.гI.в.с.) абуна «Щив чи вугониги нуждасан жиндие хIалкIварав, жиндир диналъул вацасе мунфагIат гьабизе, гьес гьеб гьабе абе».

Гьелъ гIадамазе, обществоялъе лъикIлъи гьабе, гьезие лъикIал рукIа. Нилъ рукIизе ккола, нилъ хвараб мехалъ, нилъеда гIадамаз абулеллъун валлагь лъикIав чи вукIанин Аллагьас гьесие Алжан кьегиха абун абулеллъун. Нилъ хвараб мехалъ гIадамаз нилъее гьабураб нугIлъиялда бараб буго нилъер ахират. Аварагас (с.т.гI.в) абуна «Щив чи вугониги гIадамаз жиндие лъикIав вукIана абун нугIлъи гьабун, гьесие Алжан тIалъана ва гьединго щив чи вугониги гIадамаз жиндие квешав вукIана абун нугIлъи гьабун, гьесие жужахI тIалъана. Аварагас (с.т.гI.в) абуна Нуж руго Аллагьасул нугIзал ракьалда ругел».

Гьелъ, Алжан къваригIун батани, гIадамаз лъикIав чи вукIана абун нугIлъи гьабулевлъун вукIа.

# Вабабай ваададай далай-далалай

ТIокIаб батIияб цIар батичIо дида гьаб макъалаялда лъезе. ЧанцIул хъвараб «Гъудуллъи» газеталъул мухбирзабаз ришни-къулалъул хIакъалъ. ХIасил, добго хурив-довго Муса. Контейнерал чIорого, сверухълъи чорок. Гьел контейнерал шибизе лъурал лъаларого гIадамал рукIиницхха, амма мусор киса кибего балеб буго гьениб жанибе хутIизегIан.

*Дур кверал чIахъаяв, гIадамил инсан,*
*ГIадан мунго вукIин кIочониц тараб.*
*Гьабзаца бетIараб тIимугъ кинигин,*
*ТIибитIун бан бугин рищни къул сверухъ.*

*Вабабай бачуна аскIосан унез,*
*Аб «берцинлъиялда» бер кIутIарабго.*
*Ваададай ахIула хIалтIухъабаца,*
*ХIасилго кколареб гIунгутIи бихьун.*

*Амма бицаралда гIин тIамуларел,*
*ГIадамаца махщел рехун теларо .*
*Иргадулаб нухалъ, газетги цIалун,*
*далай-далай бачун данкила рищни.*

*Бицунелда мугъ бан хьвадулеб агьлу,*
*РагIуца бичIчIи кьун рацIцIалъиларо.*
*Куци гIечIолъиялъ гогьлъараб наслу,*
*Лъавуде рачIунеб низам лъаларо.*

*З. МухIамадова.*





## Колонка прокурора

### Определена процедура подачи в 2016 году заявления о предоставлении единовременной выплаты за счет средств материнского (семейного) капитала

Приказом Минтруда России от 27.06.2016 N 313н "Об утверждении Правил подачи заявления о предоставлении единовременной выплаты за счет средств материнского (семейного) капитала и порядка ее осуществления в 2016 году" определена процедура подачи в 2016 году заявления о предоставлении единовременной выплаты за счет средств материнского (семейного) капитала.

Для получения единовременной выплаты лица, получившие сертификат или их представители, вправе обратиться в территориальный орган ПФ РФ по месту жительства, месту пребывания или фактического проживания с заявлением о предоставлении единовременной выплаты независимо от срока, истекшего со дня рождения (усыновления) второго, третьего ребенка или последующих детей, но не позднее 30 ноября 2016 года, если право на дополнительные меры государственной поддержки возникло (возникает) по 30 сентября 2016 года включительно. К заявлению прилагаются необходимые документы, перечень которых приведен в Приказе.

Установлены основания для отказа в удовлетворении заявления (в том числе, например, ограничение лица, получившего сертификат, в родительских правах в отношении ребенка, в связи с рождением которого возникло право на дополнительные меры государственной поддержки семей, имеющих детей, на дату вынесения решения по заявлению (до момента отмены ограничения в родительских правах), порядок аннулирования лицом ранее поданного заявления.

Перечисление единовременной выплаты осуществляется территориальным органом ПФ РФ не позднее месячного срока с даты принятия решения об удовлетворении заявления.

Единовременная выплата осуществляется в размере 25000 рублей. Если фактический остаток средств материнского (семейного) капитала на дату подачи заявления меньше 25000 рублей, выплата осуществляется в размере фактического остатка средств материнского (семейного) капитала на дату подачи заявления.

**Прокурор района Д. Джабраилов**

Утерянная лицензия на право ведения образовательной деятельности серия РО №047663, выданная 12.03.2012 г. Министерством образования и науки РД МКОУ «Нижне-Инхеловской СОШ» считать недействительной.

## РЕШЕНИЕ

### О ВНЕСЕНИИ ИЗМЕНЕНИЙ В СТРУКТУРУ АДМИНИСТРАЦИИ СП «СЕЛЬСОВЕТ «БОТЛИХСКИЙ»

В соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным Законом РФ от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Россий-ской Федерации" и Уставом МО «Сельсовет Ботлихский» для приведения штатной численности аппа-рата администрации в соответствие с Постановление Правительства Республики Дагестан от 27 июня 2014г. № 295 "Об утверждении Нормативных требований по формированию структуры аппаратов орга-нов местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан и Методики расчета нормативов формирования расходов на содержание органов местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан" и в целях оптимизации расходов бюджетных средств, сельское соб-рание депутатов решает внести изменения в структуру муниципального образования «сельсовет Ботлих-ский», утвержденную решением собрания МО «сельсовет Ботлихский» от 30.04.2015 г. № 12:

1. Сократить три штатные единицы специалиста 1 категории: специалист-землеустроитель, специа-лист по экономике, специалист по благоустройству.
2. Опубликовать настоящее решение в местной печати.

**Глава сельского поселения Магомаев К.М.**

## ЛЪАЗАБИ

«Дагестанцы» газеталъул редакциялъ ва «Аваристан» Культураялъул ва лъай кьеялъул фондалъ байбихьун буго Аваразул миллияб Энциклопедия (АМЭ) гIуцIиялъул хIалтIи.

ТIехьалъ жанире рачине руго росабазул, школазул ва цогидалги идарабазул тарих, цереселги жакъаселги бахIарзазул хIакъалъулъ биценал ва цогидалги гIун бачIунеб гIелалъе хадуб ккун цIунизе мустахIикъал баянал.


**ГЪУДУЛЛЪИ**

**Газета гIуцIарал:**

**Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив**

**учредитель:**

**Ботлихская районная администрация и коллектив редакции**

БетIерав редактор

*ГI. ГIУМАХАНОВ*

Отделалъул редакторал

**Ш. Лабазанов**
**П. Дибирова**
**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

*З.МухIамадова*
*М. ГIумаханова*

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
*Ш.Муртазалиев*

*Адрес: 368970*
*Болъихъ росу,*
*Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*

*Газета бицана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна*

*Заказ № _____*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*

*№ 10 - 4614*


*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде ккolеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*